Облбиблиотека

Хэгъэгу пстэуми апролетариехэр, зы шъухъу!

КъыздэкІ. я 19 илъэс

Социалистическэ АДЫГЕЙ

1945 илъэс Июлым и 31 Гъубдж № 84 (3870)

ВКП(б)-м И АДЫГЭ ХЭКУ КОМИТЕТРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

ЫуасэІ 20 ч.

ПОРЯДКЭ ИКЪУ ХЭЛЪЭУ ПАРТИЙНЭ ХОЗЯЙСТВЭР ЗЭРЭЗЕТХЬАН!

Первичнэ парторганизациехэм организационнэ-партийнэ Іофшіэныр тэрэзэу ащызэхэщэгъэнымкІэ Іофэу ашІэн фаем порядкэ икъу хэлъэу партийнэ хозяйствэр агъэпсыныр зыкІэ ащыщэу щыт.

Первичнэ парторганизациехэм ясекретархэмэ икъукІэ анаІэ зытырагъэтын фаер, зэкІэми апэу ежь парторганизацием ипартийнэ унэ большевистскэ порядкэ щагъэуцуныр, учетымрэ отчетностымрэ яІофтэрэзэу зэхащэнхэр, партийнэ-документхэр зэгъэфагъэхэу ыкІи икъукІэ ухъумагъэу партийнэ хозяйствэр зэрахьаныр ары.

Ау итІани партийнэ хозяйствэм изехьанкІэ ыкІи ащ иухъумэнкІэ пшъэрылъэу иІэр зымыгъэцэкІэрэ первичнэ парторганизацие бэкІаехэр тиІэх. Мы къопэ районым щыщ колхозэу „Путь Ленина" зыфиІорэм ипервичнэ парторганизацие исекретарэу тов. Меретадзэм партийнэ хозяйствэр тэрэзэу зэрэзэрихьаным ыкІи порядкэ икъу хэлъэу зэригъэпсыным икъоу Іоф дишІэрэп. Парторганизацием ипартийнэ хозяйствэ зызыныкъор сельсоветым идокументмэ ахэлъ, адрэ зы ныкъор комсомольскэ организацием исекретары ыдэжь щыІ. Аужым партийнэ документхэр колхозым ихозяйственнэ документхэм ахэлъхэу уапэ къефэ. КъызщыІэкІахьэрэм партийнэ документхэр егъэІылъынахь, ахэр ухъумагъэу зэриІыгъын фаем парторганизацием исекретарэу тов. Меретадзэр зыкІи гугъу фелІырэп.

Мы районым щыщ колхозэу „Красный огородникым" ипервичнэ парторганизацие партийнэ хозяйствэм изехьанрэ ыкІи ащ иухъумэнрэ зэрэщыгъэпсыгъэри ащ нахьышІоп. Партийнэ документхэр тэрэзэу зэгъэфагъэхэу ыкІи порядкэ икъу хэлъэу зэриухъумэным парторганизацием исекретарэу тов. Ильяшенкэр зыкІи фэгумэкІырэп. Партийнэ документхэр ежь иунэ ит столэу ІункІыбзэ зимыІэм дэлъхэу зэрехьэх нахь, икъукІэ ыухъумэхэрэп.

Джащмэ афэдэ щыкІагъэхэу первичнэ парторганизациехэм ипартийнэ хозяйствэхэмэ язехьанкІэ афэхъухэрэр анахьэу къызхэкІыхэрэр, партием ирайком зырызхэм первичнэ парторганизациехэм Іоф зэрашІэрэм лъыплъэхэу, ящыкІагъэхэмкІэ практическэу Іэпы-Іэгъу афэхъоу пэщэныгъэ икъу зэрадызэрамыхьэрэр ары.

Ар ІофшІакІэ зэрэмыхъущтыр ыкІи ащыкІэ партийнэ ответственность яІэу зэрэщытэр зигугъу къэтшІыгъэ первичнэ парторганизациехэм яруководительхэм къызгурагъэІонышъ, партийнэ хозяйствэм изехьанкІэ щыкІагъэу афэхъугъэхэр псынкІэ шъыпкъэу зэрэдагъэзыжьыным, партийнэ хозяйствэм порядкэ икъу хэлъэу зэрэзэрагъэфэным, партийнэ документхэр икъу шъыпкъэу къызэрауихъумэным ренэу анаІэ тырагъэтын фае.

Джащ фэдэ къабзэу партийнэ хозяйствэм изехьанкІэ первичнэ парторганизациехэм щыкІагъэу афэхъухэрэр дагъэзыжьынхэмкІэ ВКП(б)-м ирайкомхэр икъоу Іэпы-Іэгъу афэхъунхэ фае. Партием ирайкомхэм яинструкторхэр ыкІи фэшъхьафрэ яІофышІэхэр первичнэ парторганизациемэ захахьэкІэ парторганизациехэмэ ипартийнэ хозяйствэхэр зэрэзэрахьэхэрэр, щыкІагъэу афэхъухэрэр къычІагъэщхэу, а щыкІагъэхэр зэрэдагъэзыжьыщт шІыкІэр практическэу арагъэлъэгъоу икъукІэ анаІэ атырагъэтын фае. Первичнэ парторганизациехэм ипартийнэ хозяйствэхэр зэрэзэрахьэхэрэмкІэ ыкІи зэрахьэхэу, икъукІэ первичнэ парторганизациехэмэ ясекретархэм яотчетхэм партием ирайкомы щедэІухэу, щыкІагъэу къычІагъэщыхэрэр зэрэдагъэзыжьыным иамалхэр зэрахьэхэу, икъукІэ ащымэ анаІэ атырагъэтыныр ВКП(б)-м ирайкомхэмэ япшъэрылъэу щыт.

ВКП(б)-м ирайкомхэм первичнэ парторганизациехэм ясекретархэр зэІуагъакІэхэу, партийнэ хозяйствэр зэрэзэрахьащт шІыкІэр зэхарагъэшІыкІэу, ащ фэшІы семинархэр ыкІи совещаниехэр адашІэу щытын фае.

Организационнэ-партийнэ Іофшіэныр нахьышІу зэрашІыным, партийнэ хозяйствэм большевистскэ порядкэ икъу хэлъэу зэрагъэпсыным первичнэ парторганизациехэм ясекретархэм ренэу Іоф дашІэн фае, ар ахэмэ япшъэрылъышхоу щыт.

Тихэ океаным заоу щыІэр

ЛОНДОН, июлым и 30. (ТАСС). Агентствэу Рейтер къызэриІорэмкІэ, июлым и 27-м ыкІи и 28-м къакІоцІы американскэ бомбардировщикхэмрэ истребительхэмрэ Японием итерриторие ит объектхэр бомбардировкэм кІагъэкІыхэзэ, самолетовылет 700-м ехъу ашІыгъэу, ащымэ мэшІоку гъогу центрэу Кагосима зыфиІорэр (хыгъэхъунэу Кюсю) ащыщэу, союзникмэ явооруженнэ кІуачІэхэмэ яобъединеннэ командованиеу Тихэ океаным икъыблэ-тыгъэ къохьапІэ часты щыІэм къеты.

Фэшъхьафрэ самолетхэр Корсю, хыгъэхъунэу Формоза ыкІи хыгъэхъунэу Борнео Іут къуахьхэмэ атебыбагъэх.

ВАШИНГГОН, июлым и 30. (ТАСС). Июлым и 30-м американскэ ыкІи английскэ самолетхэу авианосцэмэ яшакІохэрэр, Токио ирайоны щыІэ аэродромхэм ыкІи фэшъхьафрэ дзэ объектхэм атебыбагъэхэу США-м и Тихоокеанскэ флоты иштабы къеты. Ящэнэрэ американскэ флотымрэ английскэ операционнэ эскадрэмрэ ялинкорхэр, крейсерхэр ыкІи эсминцэхэр хыгъэхъунэу Хонсю икъыблэ Іушъокіэ Іут къалэу Хамамацу еуагъэх.

ПСЫНКІЭУ ЫКІИ КІЭЗЫГЪЭ ФЭМЫХЪОУ ЛЭЖЬЫГЪЭР ТЫУГЪОИЖЬЫН, ЛЭЖЬЫГЪЭМРЭ ФЭШЪХЬАФРЭ МЭКЪУ-МЭЩ ХОЗЯЙСТВЕННЭ ПРОДУКТЭХЭМРЭ ЯТЫНКІЭ КЪЭРАЛЫГЪОМ ЫПАШЪХЬЭ ПШЪЭРЫЛЪЭУ ЩЫТИІЭР ИПІАЛЪЭМ ДГЪЭЦЭКІЭН!

ВОРОНЕЖСКЭ ОБЛАСТЫМКІЭ ДОБРИНСКЭ РАЙОНЫМ ЩЫЩ ОРДЕН ЛЕНИНА МЭКЪУ-МЭЩ ХОЗЯЙСТВЕННЭ АРТЕЛЭУ ИЛЬИЧЫ ЫЦІЭКІЭ ЩЫТЫМ ИКОЛХОЗНИКХЭМРЭ КОЛХОЗНИЦЭХЭМРЭ

Советскэ Союзым зэкІэ иколхозникхэмрэ колхозницэхэмрэ афакІоу ашІыгъэ

ОБРАЩЕНИЕР

Товарищ лъапІэхэр!

Советскэ Союзым и Отечественнэ зэошхо фашистскэ Германиер зэрэпсаоу зэхэкъутэгъэнымрэ ыкІи Іо хэмылъыжьэу ащ зыкъытынымрэкІэ ухыгъэу хъугъэ. А текІоныгъэшхом къыхэкІэу ти Красная Армиерэ тивождь кІэсэу ыкІи типолководцэу Советскэ Союзым и Генералиссимусэу Иосиф Виссарионович Сталинымрэ ячІыфэ советскэ народым телъэу мэхъу.

Красная Армиемрэ хэгъэгум инаселениерэ гъомылапхъэкІэ, промышленностэр—сырьекІэ зэпыо имыІэу снабжать ашІыхэзэ, Отечественнэ зэошхом иилъэс къинхэм зэкІэ советскэ народым игъэуцужьхэзэ, мыпшъыжьыхэхэу колхозникхэм—хъулъфыгъэхэм ыкІи бзыгъфыгъэхэм, лІыжьхэм ыкІи кІэлакІэхэм тылым Іоф щашІагъ. Заом ииспытание къинхэм колхознэ строим ыкІуачІэрэ изытетрэ икъу шъыпкъэу къащигъэлъэгъуагъ. Партиемрэ правительствэмрэ колхознэ строим сталинскэ гукІэгъуныгъэу фыряІагъэмрэ Отечественнэ заом иилъэсхэм советскэ крестьянствэм зэмыІолажьэу Іоф зэришІагъэм ыкІи ип триотизмэ товарищ Сталиным осэшхоу афишІыгъэмрэ тикІэлэцІыкІухэмрэ ыкІи ткъомэ акъохэмрэкІэ егъэшІэрэ гукъэкІыжьэу щытыщт.

Зэом ыпэкІэ іэ коллективнэу Іоф тшІэзэ, тиобщественнэ хозяйствэ бгъу пстэумкІи зедгъэушъэбгъугъ, колхозникы пэнчъ культурнэ ыкІи фэшІыгъэ щыІакІэ иІэным иІоф обеспечить тшІыгъэ. Іофэу ышІагъэм фэшІы тиколхоз Лениным иорденкІэ наградить къашІыгъ. ЗэкІэлъыкІоу илъэсищым тиартель Всесоюзнэ сельскохозяйственнэ выставкэм хэлэжьагъ.

Родинэм ыпашъхьэкІэ пшъэрылъэу яІэм гулъытэныгъэшхо фыряІэу фронтым Іэпы-Іэгъу фэхъугъэнымкІэ заом имафэхэм тимэкъу-мэщ хозяйственнэ артелы иколхозникхэм Іоф ашІагъ. Зэо лъэхъаным икъинхэм ямылъытыгъэу, тиколхозы иартельнэ хозяйствэ гъэхъагъэ иІэу зыригъэушъэбгъугъ ыкІи илъэс къэсми лэжьыгъэрэ фэшъхьафрэ мэкъу-мэщ хозяйственнэ продуктэхэрэ нахьыбэу хэгъэгум Іэкігъахьэщтыгъэх.

БлэкІыгъэ илъэсым государственнэ поставкэхэм яплан ипІалъэм къыпэу дгъэцэкІагъэ, МТС-м Іофэу ышІагъам тефэгъэ натуроплатэр икъу шъыпкъэу тыгъэ ыкІи мы илъэсым Іофэу тшІэщтым палэжьыгъэ центнер 250-рэ авансэкІэ дгъэтІылъыгъэ. Лэу, щэу, цэу ыкІи кІэнкІэу къэралыгъом еттын фаем иплан къедгъэхъоу дгъэцэкІагъэ. Красная Армием и Главнэ Командование ифонды лэжьыгъэ центнер 254-рэ еттыгъ. БлэкІыгъэ илъэсым сомэ 1 миллионрэ мин 880-рэ колхозым доходэу къыхьыжьыгъ.

Джы советскэ хэгъэгур мамырныгъэ щыІакІэм илъэхъанэу зытехьажьыгъэм тэ иколхозкІэ апэрэ гухэлъэу тиІэр, заом къыхэкІэу хэгъэгум уІагъэу къытращагъэр псынкІаІоу дгъэхъужьынэр, шІу глъэгъурэ ти Родинэ ыкІуачІэ джыри нахьри къэІэтынэр ары. Немецкэ техакІохэмэ зэхэкъутэгъэ промышленностэр, транспортэр, къалэхэр ыкІи чылэхэр нахь псынкІэу зыпкъ игъэуцужьыгъэным, народмэ яматериальнэ благосостояние ренэу нахьышІу шІыгъэным апае хэгъэгум нахьыбэу гъомылапхъэ, сырье ыкІи апэрэ чэзыоу лэжьыгъэ етыгъэнхэр—джары тэ къытгефэрэр, тэ типшъэрылъэр.

Мы илъэсым гъэтхэ лэжьыгъэ хэлъхьаным иплан къедгъэхъоу дгъэцэкІагъэ ыкІи лэжьыгъэ бэгъуагъэ къэдгъэкІыгъ. Тэ типшъэрылъэр—ар псынкІэу ыкІи кІэзыгъэ фэмыхъоу тыугъоижьынэр, лэжьыгъэмрэ фэшъхьафрэ мэкъу-мэщ хозяйственнэ продуктэхэмрэ къэралыгъом етыгъэнхэмкІэ обязательствэу тиІэр ипІалъэм дгъэцэкІэнэр ары.

Товарищхэу колхозникхэр ыкІи колхозницэхэр! Мыхэр шъушІэнхэу ІШъо тышъуаджэ: заводхэмрэ фабрикхэмрэ япримеры тетэу лэжьыгъэ угъоижьынэр псынкІэу зэшІохыгъэным ыкІи лэжьыгъэмрэ фэшъхьафрэ мэкъу-мэщ хозяйственнэ продуктэхэмрэ тыгъэнэмкІэ къэралыгъом ыпашъхьэкІэ обязательствэу тиІэр ипІалъэм гъэцэкІэгъэнымрэкІэ текІоныгъэм ехьылІагъэу Всесоюзнэ социалистическэ соревнование зэхэщэгъэнэу.

А соревнованием мы къыкІэлъыкІорэ пшъэрылъхэр щыгэштэх:

1. Тиколхозкіэ зэкіэ зиуборочнэ площадь гектар 780-рэ хъурэ колосовэ культурэхэм яупкІэн Іофшіэгъу мэфэ 14-м къыкІоцІы зэшІотхыщт;

2. Лэжьыгъэм кІэзыгъэ фэдгъэхъущтэп. Шыхэр зыкІашІэрэ машинэхэмкІэ ыкІи Іэкіэ тыупкІэрэ лэжьыгъэ пстэури ащ лъыпытэу зэкІоцІытпхэщтых, шэнджэу ыкІи Іагоу зэтетлъхьащт. Лэжьыгъэу, апэрэ мафэм тымыІожьырэр—хьанжъоу зэтетлъхьащт. Лэжьыгъашъхьэу губгъом къинагъэхэр тафэсакъызэ тыугъоижьыщтых.

„Сталинец" комбаинэу Добринскэ МТС-м лэжьыгъэ угъоижьыным пае къытфигъэзагъэр дэгъоу обслуживать тшІыщт: комбаинэм лэжьыгъэр зыщиугъоижьыщт участкэр иуахъэм дгъэнэфэщт ыкІи кІом хэтэу комбаинэм лэжьыгъэр кІырахынэу, псырэ горючэрэ кІыращэлІэнэу, къэгъэзэгъухэм лэжьыгъэр аІуупкІыгъэным пае опыт зиІэ колхозникхэр етпхыщтых. Комбаинэм нагрузкэ икъу иІэу ыкІи хьаоІыеу щымытэу Іоф ышІэным пае, ящыкІэгъэ пстэури тшІэщтых. Псынкіэ шъыпкъэу, комбайнэм ныж титэу уарзэм, э фыркъомрэ губгъом къинщыщтых.

4. Упкіэнэр зедгъажьэрэм ныж ятфэнэрэ мафэм Іоным тыфежьэщт ыкІи зэкІэ лэжьыгъэр Іофшіэгъу мэфэ 25-м къыкІоцІы тІожьыщт. Іонэкіо машинэ МК—1.100-у тиколхозы къырапхыгъэм пае ренэу Іоф щишІэнэу Іонэкіо бригадэ дгъэнэфэщт. Хьамэр иуахъэм дгъэхьазырыщт. Ощх къызщыхэкІырэ поодэм щыгъом Іоф шІэгъэным пае ышъхьэ ихъуагъэу хьамэ шІыщт. Лэжьыгъэр укъэозыгъэнымрэ ыкІи гъэгъушъыгъэнымрэ Іоф адэшІэгъэным пае звено шъхьаф дгъэнэфэщт.

5. Чылэпхъэ участкэхэм арылъ лэжьыгъэхэр культурэ пэнчъ нахь къызэрекІущт охъэ дэгъум ехъулІэу тыугъоижьыщтых.

6. Лэжьыгъэ поставкэм ипланэу центнер 2550-рэ хъурэр сентябрэм и 25-м ехъулІэу икъу шъыпкъэу дгъэцэкІэщт ыкІи центнер 1.000-рэ МТС-м Іофэу ышІагъэм пае натуроплатэм хэдгъэхьащт.

7. Шъоущыгъу къэзышІырэ заводхэм нахьыбэу сырье аІэкІэдгъэхьащт. Гектар 30 хъурэ площадым шъоущыгъу зыхашІыкІырэ чІыплъэу центнер минихым къыщымыкІэу къинхэзыжьыщт ыкІи ар зэкІэ къэралыгъом еттыщт.

8. Колхоз быымхэр икъоу Іусхэмкіэ обеспечить тшІыщтых. КІымафэм ехъулІэу силос тонн 400 зэхэтлъхьащт. Илъэсыбэрэ къэкІырэ уцымэ ячылапхъэхэр зэрылъ площадэу гектар 24-рэ хъурэр щысэтехыпІэу тыугъоижьыщт.

9. Бжыхьэ лэжьыгъэу гектар 348-рэ ипІалъэм ехъулІэу хэтлъхьащ. Парэ къаозэхэр джыри зэ культивировать тшІыщтых, чылэпхъэ сорт хэщыныкІыгъэхэмкІэ нахь щІэлъэ дэгъум ехъулІэу ахэр зэхэтлъхьащтых.

10. Мы илъэсым октябрэм и 1-м ехъулІэу гектар 600 зябэу къэтІэтыщт. Семыкыр, шъоущыгъу зыхашІыкІырэ чІыплъыр ыкІи картофелэр ахэлъхьагъэнхэм пае зиплощадкІэ гектар 200 хъоу къытфэтІэзагъэм иучастке петэухэми хыпкъэхэр атедгъэчъыщтых.

11. Трудым идисциплинэ пхъашэу зыхэдгъэлъыщт. Зэкіэ Іоф зышІэн зылъэкІыщт колхозникхэр лэжьыгъэ угъоижьыным зэлъыдэкІыщтых ыкІи мафэ къэсми тыгъэр къызщыкъокІырэм щегъэжьагъэу зыщыкъохьажьрэм нэс Іоф ашІэщт. Іофшіэн пстэуми индивидуальнэ ыкІи куп щыкІу (звеньевой) сдельщинэр ащыдгъэфедэщт. КІэлэцІыкІу 80 чІэфэнэу кІэлэцІыкІу ясле къызэІутхыщт, гугъом зытегъэпсэфыпІэхэр щыдгъэпсыщтых.

12. Тидэкіо- победитель лъапІэхэу Красная Армием къикІыжьхэрэмэ зэрапэсыгъэм тетэу тызэрапэгъокІыным иІоф зэхэтщэщт, материальнэ-бытовой условиеу ящыкІагъэхэр афэдгъэпсыщтых.

Товарищхэу колхозникхэр ыкІи колхозницэхэр!

Хэгъэгум нахьыбэу гъомылапхъэ, промышленностым—сырье ятгын, шІу тлъэгъурэ ти Родинэ ыкІуачІэ тапэкІэ нахьри гъэныгъэным тэ тиоклади хэтлъхьан.

Мамырныгъэ социалистическэ строительствэм ифронты Іоф щыгшІэзэ гъэхъагъэу гшыхэрэмкІэ Красная Армием итекІоныгъэшхохэр дгъэлыгэных.

Ленин—Сталин ипартие—тигекІоныгъэхэм такъыфэзыІэтыгъэр ыкІи язэхэщакІор орэпсау!

ЫлыхъужьыныгъэзыІэлъ ти Красная Армие орэпсау!

Народмэ шІу алъэгъурэ тивождэу, тятэу ыкІи тиныдджэгъоу, Советскэ Союзым и Генералиссимусэу тов. Сталиныр орэпсау!

Сельхозартелэу Ильичы ыцІэкІэ щытым иколхозникхэм ыкІи колхозницэхэм ясобрание щытегущыІагъэх ыкІи щашІагъ.

Колхозникмэ яобщэ собраниемкІэ пшъэрылъы зыфишІыгъэу обращениемкІэтхэжьыгъэхэр: колхозым ипредседателэу Ф. И. ДОРОФЕЕВ, партийнэ организацием исекретарэу С. П. ЕВСТАФЬЕВ, комсомольскэ организацием исекретарэу М. Г. ШАЛЬНОВА, гугъо оригадэхэмэ яоригадирхэу: П. Н. КОВАЛЕНКО, И. И. ГАЛАКТИОНОВ, звеньевойхэу: С. М. КРУГОКИХ, А. А. ДОРОФЕЕВА, колхозницэхэу: П. К. ЛАВРИНА, В. Г. ЛОПАТИНА конюххэу: И. А. ВОРОБЬЕВ, М. Т. ТЕЛЕГИН.

Мэкъу-мэщ хозяйственнэ Іофшіэнхэмэ яэшіохыны дэгъоу Іоф дешіэ

Мэкъу-мэщ хозяйственнэ Іофшіэнхэмэ яэшіохынкіэ Шэуджэн районым пэрытынытъэр щызыіыгъхэмэ колхозэу „Залымхъанэр" зыкіэ ащыщ.

Мы колхозым гъэтхэ лэжьыгъэ хэлъхьаныр ыкіи пкіэныр агротехническэ правилэхэм къызэраіорэм тетэу зэшіуихыгъэх. Адрэ губгъо Іофшіэнхэм аужы къыримыгъанэу Іоф адишіэзэ, силос зэхэлъхьанымрэ мэкъу угъоижьынымрэ яплан къыригъэхъоу ыгъэцэкіагъ. Мэкъу центнер 2.000 фэдиз былымэхъо фермэхэм къарищэлІэжьыгъах.

Джы дэдэм къэралыгъомкіэ мэхьанэшхо зиІэ лэжьыгъэ угъоижьыным изэшіохыны колхозым зэкіэ кіуачіэу ыкіи амалэу иІэр рихьылІагъэу Іоф дешіэ. Колхозым Іоф щызышіэрэ комбайнер пэрытэу тов Лъэцэрыкъу Ибрахьимэм лэжьыгъэ угъоижьыным гъэхъэгъэшіухэр щешіых.

Лэжьыгъэу государствэм ритын фаем иплан псынкіэу зэригъэцэкіэным иамал пстэухэри колхозым зэрихьэзэ, ащ иищыны былым кіуачіэу ыкіи транспортэу иІэр зэкіэ щегъэфедэ. Лэжьыгъэу центнер 1.000 фэдиз рищыгъах.

Бжыхьэм халъхьащт коцым ыкіи ячменым ячылапхъэхэр ыгъэхьазырыгъах, ахэр кондицием нэсэу ыгъэкъэбзагъэх. „Ставрополкэкіэ" заджэхэрэ коц лъэпкъэу центнер 75-рэ чылапхъэу зэригъэгъотыгъэ.

Джащ фэдэ гъэхъагъэхэр колхозым ыпІынхэр анахьэу къызхэкіырэр, колхозымипредседателэу тов. Хьагъундэкъом большевистскэ пэщэныгъэ икъу зэрэзэрихьэу, колхозникхэм азыфагукіэ трудовой дисциплинэр дэгъоу зэрэщигъэпсыгъэр ары.

Г. Смирнов.

Лэжьыгъэр Іэкіэ аупкіэ

Красногвардейскэ районым щыщ колхозэу Кагановичым ыцІэкіэ щытым лэжьыгъэ угъоижьыныр ипІалъэм шІомыкіэу зэрэзэшіуихыным иамалхэр зэрихьэзэ Іоф ешіэ. Машинэхэм ямызакъоу етІупщыгъэу Іэкіэ колхозникхэм лэжьыгъэр аупкіэ.

Ащыкіэ анахь щысэшіухэр къэзыгъэлъагъорэмэ Отечественнэ заом иинвалидэу тов. Бахъукъо Хьаджымосэр ащыщ. Ащ лэжьыгъэ угъоижьыным зыфежьагъэхэмрэ джырэ къазыфагу мэфэ гъэпсэф ымышіэу щэмэджыкіэ лэжьыгъэр пеупкіы. Мафэ пэпчъ гектар 0,5 пиупкіын фаемэ ащ ычІыпІэкіэ гектар 1,02—1,05 пеупкіы. Лэжьыгъэ упкіэныр зырагъэжьагъэм щегъэжьагъэу гектари 10-м ехъу пиупкіыгъах.

Мыщ ыужы зыкъыримыгъанэу илъэс 70-рэ зыныбжь колхозникІыжъэу тов. Ягъумэ Айтэчы Іоф ешіэ. Мэфэ заданиеу иІэр процентитІ 150—200-м нэсэу егъэцакіэ.

Мыхэмэ джыри нахь гъэхъэгъэшіухэр зэрашіыным елъытыгъэу алъэкі къамыгъанэу Іоф ашіэ.

Дж. Тамбый.
(Тиспецкорр).

А мафэр къалэм итрудящхэмкіэ гушіогъошхуагъ

Июлым и 29-м ипчэдыжь. Ар зызагъэпсэфырэ мафэу, тхьаумафэу щытыгъ. Джыри сыхьатыр 9 хъугъагъэп, радиом макъэ къызэригъэІугъэм тетэу Мыекъуапэ итрудящхэр вокзалым екІугъэх. Зэкіэми тидзэкіо-победительхэмэ апагъохыщт къэгъэгъэ букетхэр аІыгъых. Вокзалэр плакатхэмрэ, лозунгхэмрэ, портретхэмрэкіэ праздничнэу гъэкіэрэкіагъэ. Оркестрэм урыс орэд зэфэшъхьафхэр къыхедзэх. Дзэм къикіыжьыхэрэр ядэжь зыщэжьыщтхэ автомашинэхэр сатырэу зэбгъодэтхэу, рельсэм къегупаплъэхэу щытых.

Зэкіэри—цІыкіуи, ини къекіолІагъэхэр Белореченскэ станицэу мэшіокур къыздэкіыщт лъэныкъом маплъэх. Зэкіэми зафэмыщэІэжьэу мэшіокур къызщыІухьащт уахътэм ежэх.

Сыхьатыр 11 хъугъэ. Мэшіокур нэплъэгъум къихьагъ, нахь къызэблагъэм звонокым къытеуагъ. Ащ лъыпытэу ар вокзалым къынэсы.

Чэщ-мэфэ пчъагъэрэ гъогум тегыгъэ тидзэкіохэр зэрэпшъыгъэхэм емылъытыгъэу, анэгухэр ихыгъэу вагонмэ къарэкіых. Илъэс заулэм къыкіоцІы яшъузхэр ыкіи якіалэхэр, ашыхэр ыкіи ашыпхъухэр, янэхэр ыкіи ятэхэр, къызхэкіыгъэ трудящхэр ахэмэ апэрэу алъэгъужьыгъэх. Зы кортымэ гушІуагъом къыхэкіэу анэпсыхэр къакіо, адырэ кортымэ къаІощт гущыІэр къафэгъотыжьырэп.

Ащ ыужым строевой порядкэ ахэлъэу ахэр мэуцух. Сыхьатыр 11-рэ минут 45-м адэжь ВКП(б)-м игоркомы исекретарэу тов. Шипиловым митингэр къызэІуехы. Хэкум ипартийнэ ыкіи советскэ организациемэ ацІэкіэ къэгущыІэнэу ВКП(б)-м ихэку комитеты ивоенно отделы изаведующэу тов. Удовенкэм гущыІэ раты.

—Тивождь кІасэу, — еІо ащ,— Советскэ Союзым и Генералиссимусэу товарищ Сталиным ипэщэныгъэкіэ Отечественнэ зэошхор текІоныгъэр тэ тиеу ухыгъэ хъугъэ ыкіи гитлеровскэ Германием Іо хэмылъыжьэу зыкъитыгъ. Шіу тлъэгъурэ ти Родинэ ишъхьафитыныгъэрэ инезависимострэ илъэси 3-м къыдафэу апэІутыгъэ тидзэкіо шІагъохэмэ зыфэдэ къэмыхъугъэ історическэ текІоныгъэр къыдахыгъэу къызэрыхъуахьыгъэхэ Адыгеим къэкіожьых. Немецкэ фашизмэм зыщебэныгъэхэ фронтым гъэхъагъэу щашІыгъэхэм афэдэ къабзэу, гитлеровскэ техакіохэмэ яхьэкіэ-къокіагъэ зыпэкіэкіыгъэ хэкум инароднэ хозяйствэ зыпкъ игъэуцожьыгъэным, ти Родинэ ыкІуачІэ тапэкіэ нахри гъэлъэшыгъэнымкіэ трудовой фронтми текІоныгъэшІухэр къыдыщашІынхэу ахэмэ афэтэІо.

Дзэм къикіыжьыгъэхэмэ ацІэкіэ старшэ сержантэу тов. Еременкэр къэгущыІагъ.

Митинг ужым дзэм къикіыжьыгъэхэмэ ябынхэр ягъусэхэу яунэхэм агъэкіотэжьыгъэх.

А пчэдыжьыр Мыекъуапэ итрудящхэмкіэ гушіогъошхоу щытыгъ. Ар джыри аужырэу щытэп. Текіоныгъэр къыдэзыхыешъ, я Родинэ къэзыгъэзэжьыгъэ тидзэкіо шІагъохэр къэкіожьых. Джыри хэкум итрудящхэмэ мэфэ гушіогъуабэ апэ илъэу щыт.

Хъ. Хъущт.

Гъэхъагъэ яІэу Іоф ашіэ

ПОНЭЖЬЫКЪУАЙ, (телефонкіэ къатыгъ). Районым иколхозхэмэ лэжьыгъэ угъоижьынымрэ госпоставкэ тынымрэ ипІалъэм шІомыкіэу зэрэзэшІуахыным фэбанэхэзэ, алъэкІ къамыгъанэу Іоф ашіэ ыкіи ащыкіэ гъэхъэгъэ шІукіаехэр зышІыгъэхэр ахэтых.

Колхозэу „Красный партизаным" комбайнэхэмкіэ гектар 200 лэжьыгъэу ыугъоижьыгъ ыкіи госпоставкэ тынымкіэ июль мазэм иплан проценти 113-у зэшІуихыгъэ. Колхозэу „Путь Адыгея" зыфиІорэм коц тынымкіэ илъэс планэу иІэр ыгъэцэкіэгъах. Лэжьыгъэ угъоижьыныр ипІалъэм къыпэу ыухыгъ.

Колхозэу Микояным ыцІэкіэ щытым Іоф щызышіэрэ комбайнерэу тов. Кияны комбайнэу „Сталинец" зыфиІорэмкіэ гектари 171-рэ ыугъоижьыгъ.

Селекционнэ станциеу „Маякым" иІофышІэхэр Героим зэрэпэгъокІыгъэхэр

Гитлеровскэ Германиер ти Родинэ къызтебанэм илъэхъанэм мы станцием щыщ хъулъфыгъэ пчъэгъабэ Іофшіэнэр агъэтІылъи заом кІогъагъэх. Агроном-селекционерэу Костылев Евгений Арсеньевичыри джащ фэдэу ти Родинэ пыймэхъаджэм къыщызыухъумэнэу заом кІогъагъэмэ зыкІэ ащыщыгъ.

Апэрэ мафэм рядовоеу заом Іухьэгъэгъэ тов. Костылевым джы подполковник звание иІ. Фронт зэфэшъхьафыбэмэ немецкэ техакіохэмэ ябэныгъэнымкіэ командованием изаданиехэр щысэтехыпІэу зэращигъэцэкіагъэм фэшІы джырэ благъэ СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Указкіэ Советскэ Союзым и Герой звание присвоить фашІыгъ. Джащ фэдэу тов. Костылевыр заом иилъэсхэм къакіоцІы мызэу-мытІоу пчъагъэрэ Советскэ Союзым иорденхэмрэ имедальхэмрэкіэ наградить къашІыгъ. Ар джырэ благъэ заом ыпэкіэ Іоф зыщишІэщтыгъэ станциеу „Маякым" къэкіогъагъ. Станцием иІофышІэ коллектив тов. Костылевым гуфэбэныгъэ хэлъэу фэчэфэу пэгъокІыгъ.

Тов. Костылевыр къызэрэкІуагъэм ехьылІагъэу станцием иІофышІэхэр хэтхэу митинг щыІагъ. Митингым тов. Костылевыр къыщыгущыІагъ ыкіи Отечественнэ зэошхом иилъэсхэм къакіоцІы ащ гъогоу къыкІугъэхэр, пыим ебэныгъэнымкіэ гъэхъагъэу ышІыгъэхэр зыфэдэхэр къариІуагъэх.

Заом илъэхъанэм Іоф зэрашІагъэм, фэдэу, джыри мамырныгъэ щыІакіэм илъэхъанэу тызтехьажьыгъэм ти Родинэ ыкІуачІэ нахьри гъэлъэшыгъэнымкіэ текІоныгъэм епэсыгъэу зэмыблэжьхэу Іоф ашІэнэу къэгущыІагъэхэмэ коллективым ыцІэкіэ гущыІэ пытэ тов. Костылевым ратыгъ.

Къ. Жанэ.
(Тиспецкорр).

КІэлэцІыкІу учреждениехэмэ яІофшІэн нахьышІоу гъэпсыгъэн фае

КІэлэцІыкІу учреждениемэ зэгъэушъобгъугъэнымкіэ блэкІыгъэ илъэсым июлым и 8-м СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы къыдигъэкІыгъэ Указыр тэрэзэу пхырыгъэкІыгъэнымкіэ къалэм издравоохранение иІофышІэхэмрэ предприятиебэкіаехэмэ яруководительхэмрэ мыдэеу Іоф ашІагъ. Указыр къыздэкІыгъэ илъэсым къыкіоцІы кІэлэцІыкІу учреждение бэкіае кІэу къалэм къыщызэІуахыгъ, ахэмэ яІофшІэнхэр зыпкъ рагъэуцожьыгъэх.

Ау а Іофшіэнымкіэ къалэм икІэлэцІыкІу учреждениехэмэ джыри щыкІэгъэ бэкіаехэр яІэхэу щыт.

КІэлэцІыкІу учреждениеу къызэІуахын фэягъэм джы къызнэсыгъэми лъыкІагъэхьагъэп. Джащ фэдэ къабзэу кІэлэцІыкІу садыхэм ащаІыгъын фэегъэ кІэлэцІыкІу 410-м ычІыпІэкіэ къыхырагъэубытагъэр—390-рэ ныІэп. КІэлэцІыкІухэу зипсаунытъэкіэ щыкІагъэ зиІэхэмэ апае кІэлэцІыкІу сад къызэІуахыгъэп.

Дом младенцэ къалэм зэрэдэмытыми лъэшэу иягъэ къакіо. КІэлэцІыкІумэ апае къызэІуахын фэе больницэр зычІагъэуцощт унэри горисполкомым джыри ыгъэнэфагъэп. Мыекъопэ спецстроеу № 5-м, гидроэлектростанцием афэдэ предприятие уэкіаехэми кІэлэцІыкІу учреждениехэмэ якъызэІухыны Іоф щадашІэрэп.

КІэлэцІыкІу учреждениехэм ящыкІагъэхэр ягъэгъотыгъэнымкіэ хэку исполкомым унашъоу ышІыгъэр гъэцэкіэгъэным къалэм иместнэ промышленнострэ промкооперациемрэ яІофышІэхэр зыпарэкіи гугъу фелІыхэрэп. Гущыіэм пае, артелэу „Коминтернэм" раскладушкэу ышІыгъэхэр холст зэрэщымыІэм къыхэкіэу агъэфедэхэрэп. Инвентар шъабэхэу ящыкІагъэм фэдиз яІэп. Столовхэр ыкіи кухнэхэр зыфэныкъо хьакъу-шыкъухэр икъоу яІэхэп.

Гъомылапхъэм иІофи учреждениехэмэ дэгъу дэдэу ащыгъэпсыгъ пІон плъэкІынэу щытэп. Щэ продуктхэу къаІэкіахьэхэрэмэ качествэ икъу яІэп. А 1-рэ, я 6-рэ, я 10-рэ ыкіи я 12-рэ кІэлэцІыкІу садхэмэ лэу къафатІупщырэм качествэ тэрэз зэримыІэм къыхэкіэу нахьыбэмкіэ пцэжьыекіэ зэблахъужьы. Мыгъэрэ хэтэрыкІхэмрэ пкІышъхьэ-мышъхьэхэмри горторгым икъоу къафитІупщыхэрэп. Картофель, хьаджыгъэ, пындж ыкіи манная крупа зыфэпІощтхэмэ ачІыпІэкіэ ренэу макароннэ изделиехэр къафетІупщы.

Мыекъопэ леспромхозым, лесомебельнэ комбинатэу Андреевым ыцІэкіэ щытым рабочэ снабжениекіэ яотделхэм яруководительхэми мы Іофым мэхьанэ икъу зэрэрамытрэр гъэунэфыгъэн фае.

Родильнэ домым кІэлэцІыкІу къэхъугъакіэмэ апае дополнительнэу гъомылапхъэ фатІупщырэп, ащымэ апае столовэм продуктэхэр шъхьафэу щагъэхьазырыхэрэп.

КІэлэцІыкІу учреждениехэр медицинскэ ІофышІэхэмкіэ джы къызнэсыгъэми горздравотделым икъоу укомплектовать ышІыгъэхэп. Ахэмэ ящыкІэгъэщт медикаментхэмрэ перевязочнэ материалхэмрэ икъоу яІэхэп.

КІэлэцІыкІу учреждениехэмэ язытеты джырэ благъэ хэку исполкомыр тегущыІагъ ыкіи а щыкІагъэхэр пІэлъэ кІэкІ шъыпкъэкіэ дэгъэзыжьыгъэнхэмкіэ шІэгъэн фэе Іоф тхьабзэхэр ыгъэунэфыгъэх.

Р. Хьакіэмыз.

Ответ. редакторэр Н. М. ШОВГЕНОВА.

МО 02394 АДРЕС РЕДАКЦИИ: г. Майкоп, Первомайская, 163. Телефон № 0—54. Типография Адыгнациздата. Заказ № 1906 Тираж 1842